



## Yon Pwogram pou Jere Rès Penti yo

Chak lâne anviwon 850 milyon penti achitektiral vann ozetazini. Èske w te konnen gen anviwon 10 poustan ki pa itilize epi ki disponib pou resikle?

Lwa sou jesyon penti egzije endistri fabrikasyon penti a pou devlope yon pwogram finansye dirab epi ki respekte anviwònman ki responsab pou jere penti achitektiral aprè kliyan an fin sèvi (rès penti a). Fabrikan penti yo kreye PaintCare, yon òganizasyon san bi likratif, pou egzekite pwogram jesyon penti nan eta ki gen lwa aplikab sou sa yo.

Pwogram nan gen ladan yon fòmasyon sou acha bon kantite penti, konsèy pou itilizasyon rès penti ki rete, ak mizanplas yon kote pou resiklaj pratik nan tout eta a.

## Pwodwi PaintCare yo

Fò w peye pou achte pwodwi sa yo epi yo ka depoze yo san yon frè anplis:

- Penti achitektiral anndan ak deyò: latèks, akrilik, penti alo (ak baz dlo), alkid (rès alkòl ak asid), penti aluil (ak baz lwl), emay (enamel) (ki gen ladan penti pou rad)
- Penti pou teras, penti pou sòl (ki gen ladan elastomè yo)
- Praymè, "sealers", soukouch
- Tach
- Gòm lak, lak, vèni, iretàn (yon sèl eleman)
- "Sealers" ak tretman kont dlo pou beton/masonnri/bwa (ki pa fèt ak baz goudwon oswa bitim)
- Pentí metalik, ki anpeche fè rouye
- Pentí pou teren ak pelouz

Yo pa aksepte resipyen ki gen twou, ki san etikèt, epi ki vid nan kote depo ranmasaj yo ye yo.

## Pwodwi ki Pa pou PaintCare yo

- Dilyan pou penti, esans mineral, sòlvan
- Vèni esprey
- Pentí otomobil ak marin
- Pentí pou domèn atistik ak atizana
- "Caulk", "epoxies", kòl, adeziv (tep)
- Aditif pou penti, koloran, tenti, rezin
- Pwodwi pou konsève bwa (ki gen pestisid)
- Patch pou do kay ak reparasyon
- Pwodwi ki fèt ak baz asfalt, goudwon, ak bitim
- Pentí ki gen 2-konpozan
- Netwayè teras
- Pentí sinalyzasyon trafik ak wout
- Pentí antretyen endistriyel (IM)
- Pentí ak finisyon Fabrikan Premye Ekipman yo (Original Equipment Manufacturer, OEM) (apliksyon chòp la)

Pou enfòmasyon sou resiklaj ak eliminasyon apwopriye pwodwi ki pa pou PaintCare yo, tanpri kontakte moun oswa ajans k ap pote fatra ou yo, ajans lokal sante anviwònman an, pwogram jesyon dechè ki reprezante danje yo, oswa depatman travay publik yo.



# Resikle AK PaintCare



# Kibò Pou m Depoze Rès Penti yo?

Resiklaj penti a fasil gras ak PaintCare. Nou enstale yon ansanm pwen pou depoze penti nan tout eta ki gen lwa sou jesyon penti. Pou w jwenn pwen ki pi prè w la, itilize sèvis lokalizasyon ki sou sit PaintCare a ki twouve l nan adrèς sa a [www.paintcare.org](http://www.paintcare.org) oswa rele sèvis asistans telefonik nou an nan (855) PAINT09.

## Kòman yo resikle

Sit PaintCare yo aksepte tout mak rès penti, tenti ak vèni pou kay, kit yo te fenk itilize yo, oswa kit yo te itilize yo depi plizyè lèn. Resipyen yo dwe yon bokit senk galon oswa pi piti, epi gen kèk tip penti yo pa asepte. Gade nan do a pou wè lis pwodui PaintCare aksepte yo.

Tout sit depo ranmasaj PaintCare yo aksepte jiska senk galon penti pou chak vizit. Kèk sit aksepte plis. Tanpri kontakte sant depo yo davans pou konfime lè fonksyonman yo epi asire w y ap ka aksepte kantite penti ou swete depoze a.

Asire w tout resipyen ki gen penti ladan yo gen kouvèti ak etikèt orijinal, epi byen ranje yo yon fason ki an sekirite nan machin nan, si w ap kondi. Pote yo nan yon sit depo pandan lè nòmal biwo yo. N ap pase pran yo apati de la.



## Sa ki Rive Penti a?

PaintCare asire l ke rès penti ou yo remelanje an penti resikle, oubyen yo itilize yo antan ke gaz, yo transfòme yo an lòt pwodwi, oswa yo elimine yo jan sa dwe fèt si yo pa ka itilize yo nan onkenn lòt fason ki benefik ankò.


## Ki moun ki Ka Itilize Pwogram nan?

Fwaye a kapab depoze maksimòm penti latèks oswa a luil sant depo PaintCare a prè pou li aksepte a.

Antrepriz yo ka depoze nenpòt ki kantite penti latèks sant depo PaintCare a prè pou li aksepte a, men kantite penti a luil l ap ka depoze a kapab limite. Pou plis enfòmasyon konsilte [www.paintcare.org/business-limits](http://www.paintcare.org/business-limits)

## Èske W Aksepte Gwo Volim Penti?

Si ou gen pou piti 100 galon penti pou resikle nan biznis ou oswa lakay ou, mande enfòmasyon sou sèvis ranmasaj gwo volim gratis nou an. Tanpri vizite [www.paintcare.org](http://www.paintcare.org) pou plis detay oswa pou w mande yon ranmasaj.



## Frè PaintCare

Fabrikan penti yo finanse PaintCare ak yon redevans yo peye pou chak bwat penti yo vann nan eta a. Fabrikan yo aplike frè yo a detayan yo, ki yo menm apre sa aplike l nan pri penti a. Yo ankouraje detayan yo endike frè yo nan resi kliyan yo. Frè yo soti nan 30 senns rive nan \$2.45 epi yo varye selon gwosè resipyen an ak selon eta a.

\$0.30 – \$0.65	Ti resipyen (egzanp, pints & quarts)
\$0.65 – \$1.35	Resipyen ki gen yon gwosè mwayen (egzanp., 1 galon)
\$1.50 – \$2.45	Pi gwo jiska 5 galon

## Se Pa yon Depo

Frè a pa yon depo - li se yon pati nan pri acha a. Yo itilize frè a pou finanse kou fonksyonnan pwogram nan, tankou resiklaj, edikasyon publik, estaf, ak lòt depans.

## Kontakte Nou

Pou aprann plis oswa jwenn yon sit depo ranmasaj, tanpri vizite [www.paintcare.org](http://www.paintcare.org) oswa rele (855) PAINT09.